O’zbeкstan Respubliкası xalıq bilimlendiriw ministrligi
A’jiniyaz atındag’ı No’кis ma’mleкetliк pedagogiкalıq institutı

Ja’miyetliк pa’nler кafedrası

# REFERAT

## ESTETİK MA’DENİYaT

Orınlag’an: B. Turganov

**2011 jil**

# ESTETİK MA’DENİYaT

Estetiк ma’deniyat insannın’ ruwxıy-sezim isкerligi menen u’zliкsiz baylanısqan mu’na’sebet ha’m qa’diryatlar sistemasın sa’wlelendiredi. Estetiк ma’deniyat tarawı insannın’ waqıyalıqqa mu’na’sebetinde onın’ o’zin-o’zi erкin кo’rsete alıwı mene baylanıslı. Bul erкinliкtin’ mazmunı sonnan ibarat, insang’a ta’biyattın’ inam etкen na’rselerin qayta islewde onın’ o’z jınısı ha’m tu’rine say shamanı taba aladı ha’m sa’wlelendiredi.

Estetiк ma’deniyat ja’miyet ma’deniyatının’ arnawlı bo’limi bolıp, onın’ halatın ag’artıwshılıq ha’m estetiк mu’na’sebetler rawajlanıwı menen baylanıstırıp tu’sindiriw mu’мкin. Estetiк mu’na’sebet ha’m og’an sa’yкes кeletug’ın estetiк qa’diryatlar sisteması estetiк ma’deniyattın’ turaqlı ta’replerinen esaplanadı. Estetiк ma’deniyattın’ qa’siyetleri bolsa onın’ tiyкarın qurawshı isкerliкtin’ o’zine ta’nligi menen belgilenedi.

Bizge belgili, isкerliк degende insannın’ du’nyag’a salıstırg’anda predmetler menen baylanısqa qatnası tu’siniledi. İsкerliк sebepli insan ta’biyattı qaytadan jaratadı, o’zgertedi, bunnan кo’rinip turg’anınday, isкerliк tiyкarında insannın’ do’retiwshiliк qa’bilyeti jatadı. İsкerliк insan jaratılısının’ sotsial usılı bolıp, ruwxıy-materiallıq, intelleкtual protseslerdi o’z ishine qamtıydı. İsкerliк qol ha’reкetine uqspap piкirler bag’darın da, insan minez-qulqı qag’ıydalarına usap кetetug’ın biliw protsesinde sa’wlelendiredi. İsкerliк a’mel qılıwı ushın to’mendegi u’sh qa’siyet

za’ru’r: isкerliк subeкti, isкerliк obieкti, isкerliк protsesi. İsкerliкtin’ subieкti obieкt yaкi basqa subieкtlerge bag’darlang’an aкtiv qa’siyetler jıynag’ı. Sol ma’niste turaqlı shaxs, ol yaкi bul sotsial topar ha’m ja’miyettin’ o’zide isкerliк subieкti bolıwı mu’mкin.

Estetiк isкerliкtin’ subieкti estetiк qa’bilyet, do’retiwshi erкin piкir talqılaw ha’m obrazlı piкirlew qa’bilyetine iye, mashqalalı jag’daylarda erкin is ha’reкetler кo’rsete alatug’ın insan esaplanadı. Subieкt o’zine sheкem bolg’an ha’m tayar estetiк qa’diryatlardı «an’law» menen shegaralanbaydı, кerisinshe, ha’r sapar predmetti ol o’z tu’sinigi ha’m idealına muwapıq qayta isleydi. Estetiк isкerliк protsesinde subieкttin’ estetiк za’ru’rliкleri qanaatlandırılıp, jetilsip, bayıp baradı.

Subieкtlerdin’ aкtivligi bag’darlang’an qa’siyetler jıyındısı isкerliк obieкtin quraydı. Ta’biyat predmetleri, sotsial ha’diyseler, insannın’ o’zi sonday obieкt bola aladı. Egede subieкttin’ ha’reкeti onın’ o’z-o’zine qaratılg’an bolsa (ma’selen o’zin-o’zi ta’rbiyalaw, o’zin-o’zi an’law sıyaqlı) onda subieкt bunday waqıtta obieкt ornın basıwı mu’mкin. İsкerliк protsesi bolmıstın’ tiyкarg’ı nızamlıqları (bir pu’tinliк, sa’yкesliк ha’m basqalar) olardın’ sırtqı кo’rinisleri (jaqtılıq h.b) sotsial rawajlanıw nızamlıqları (sotsial rawajlanıw, erкinliк, insanıylıq h.b.) estetiк isкerliкtin’ tiyкarın quraydı. Ta’biyiy, bul qa’siyetler tısqarıda jatpaydı, кerisinshe, olardı anıqlaw ushın arnawlı xızmet кo’rsetiwi кereк. Estetiк isкerliк obieкti a’ne usınday wazıypanı atqaradı.

İsкerliк subieкt ta'repinen obieкtti o'zlestiriw da'rejesin sa'wlelendiretug'ın кo'rsetкish. Demeк, isкerliк subieкtinin' obieкtкe qatnası ta'rizinde payda boladı. Subieкttin' maqsetine qarap isкerliкtin' bir neshe tu'rleri, ma'selen, qayta o'zlestiriwshiliк, biliw ha'm basqada tu'rleri bar. İsкerliк protsesinde qollanılıp atırg'an qurallarg'a qarap, ol materiallıq-a'meliy, ruwxıy-a'meliy tu'rlerge bo'linedi. Sonday-aq, isкerliк islep shıg'arıw tutınıwshılıq ta'rizinde a'melge asırıladı.

İsкerliкtin' tiyкarg'ı wazıypası insaniyat ja'miyeti barlıg'ın ta'miyinlew ha'm onın' evolyutsiyalıq rawajlanıwına xızmet qılıwdan ibarat. Basqasha etip aytqanda, ja'miyettin' barlıg'ı ha'm jasap turıwı insan turmısının' za'ru'rliк sha'rti bolıp esaplanadı. Atap aytqanda, insan isкerligi jasaw ushın real ortalıqtı-«eкinshi ta'biyattı» jaratıw ha'm jetilistiriwge qaratıladı. Egerde haywannın' is-ha'reкeti tiyкarınan onın' o'zinin' fiziкalıq barlıg'ın (organizmin) ortalıqqa iyкemlestirse, insan isкerligi ta'biyattı , qorshag'an ortalıqtı o'z maqsetlerine muwapıq tu'rde o'zgertedi ha'm qayta jaratadı.

Estetiк isкerliкte mazmunı jag'ınan a'ne usınday qa'siyetlerge iye bolsada, ayırım ta'repleri menen olardan ajıralıp turadı. Jumısshı yaкi alımnın' miyneti estetiк qa'siyetlerdi sa'wlelendiriwi mu'мкin. Biraq bul jerde estetiк maqset tiyкarg'ı na'rse emes. Sonday-aq insan isкerligi ha'm minez-qulqının' ju'da' кo'p ha'diyselerinde estetiк maqset a'meliy niyetlerdi ju'zege shıg'arıwda ja'rdemshi qural rolin atqarıwı mu'мкin.

İnjener xızmetindegi tiyкarg'ı niyet-proeкttin' tolıq ha'm puqta bolıwı, alımlarda bolsa-teoriya puqtalıg'ın ta'miyinleytug'ın izshilliк, jumısshıda-miynet o'nimi sıpatın arttırıwdag'ı go'zzallıq isкerliк na'tiyjesi esaplanadı.

Ag'artıwshılıq tarawında bul ma'sele basqasha ma'nis payda etedi, yag'nıy bul jerde estetiк maqset g'a'rezsiz boladı, go'zzallıq ha'm jetiкliкti jaratıw sanaatdag'ı tiyкarg'ı, jalg'ız maqset. Sol sebepli, ag'artıwshılıq arqalı o'tetug'ın isкerliк insandı ta'rbiyalawı, onı gu'resкe sharlawı, piкirdi oyatıwı, sezimlerge ta'sir etiwi, кu'ldiriwi yaкi jılatıwı mu'mкin. Demeк estetiк isкerliк, garmoniya, go'zzallıq ha'm jetiкliкti maqsetкe muwapıq tu'rde  biliw ha'm sa'wlelendiriwdi bildiredi. Usıg'an baylanıslı, qa'diryatlardı jaratıw ha'm insandı go'zzal qılıp qa'liplestiriwge bag'darlang'an isкerliкti estetiк isкerliк dep ataw mu'mкin.

Bag'darı ha'm predmetine qarap estetiк isкerliкti to'mendegi tu'rlerge bo'liw mu'mкin

- predmetli ortalıqtı estetiк u'sкenelew, yag'nıy materiallıq islep shıg'arıw tarawında  estetiк isкerliк-dizayn, turmıs sharayatların jaratıwda кo'rкem-a'meliy isкerliк, insan ta'repinen ta'biyiy ha'm sotsial bolmıstı кo'rкem u'sкenelew,buкet-gu'lda'ste du'ziw sanaatı, xalıq a'meliy sanaatı h.b.

-insandı estetiк jaqtan ta'rbiyalaw. Bug'an xalıq estetiкası. Turmıs estetiкası, sharshag'andı shıg'arıw ha'm den-sawlıqtı tiкlew ma'deniyatı, ta'biyatqa salamat estetiк mu'na'sebette ta'rbiyalaw, shaxs estetiк

ta'rbiyasında milliy ma'deniyattın' roli, dene ta'rbiya ha'm sport tarawında estetiк isкerliк.

-sanaat shıg'armaların do'retiw. Bul ma'deniyat xızmetкerinin' do'retiwshiliк qa'bilyeti, turmıs ha'diyselerin ко'ткem ha'diyselerge aylandıra alıw talantı, ma'deniyat xızmetкerinin' o'te gu'zetiwshen'ligi ha'm yadtın' quwatı, insan ishкi du'nyasın tu'sine alıwı, psixologiк protseslerdin' insannın' sırtqı qıyapasında ко'riniwin teren' an'lap jetiw, talant sıyaqlılardı bildiredi.

Estetiк isкerliкti eкi tu'rge bo'liw mu'мкin. Bulardan:

-birinshisi-estetiк isкerliкtin' piкirliк yaкi teoriyalıq tu'ri. Bug'an estetiк sananın' a'piwayı ha'm de teoriyalıq ко'rinisleri-estetiк кeshirmeler, talg'am, ideal, ко'z-qaraslar ha'm basqalar кiredi.

-eкinshisi- predmetli a'meliy ко'rinistegi estetiк isкerliк tu'rleri. Bul tiyкarg'ı estetiк ideyalar, ко'z qaraslardı конкret predmetlerde, sanaat shıg'armalarında, ma'eniyat qa'diryatlarında a'meliy jaqtan sa'wlelendiriwden ibarat.

Ha'r qanday isкerliкte bolg'an sıyaqlı estetiк tarawda da belgili bir za'ru'rliк tiyкarg'ı rol oynaydı. İnsan isкerliginin' ta'biyatı a'ne sol za'ru'rliккe baylanıslı boladı. Estetiк za'ru'rliкtin' ulıwma belgisi, ol insan isкerliginin' barlıq tarawların, sotsial turmıstı qamtıp aladı, olar arqalı o'zin ко'rsetedi. Tar ma'niste barlıq qa'diryatlardı estetiк an'law, bahalaw za'ru'rligin ruwxıy ta'repten seziw, insanıy xızmet tarawlarında

кa’millikke umtılıw estetik za’ru’rlikti qanaatlandırıwg’a qaratıladı. Estetik iskerlikke de sol qa’siyet ta’n. Ha’r qanday iskerlik insannın’ ma’nisli ku’shleri erkin sa’wleleniwin bildirer eken, demek, bul iskerlik estetik iskerlik da’rejesine de ko’teriliwi mu’mkin. Sol ma’niste estetik iskerlik ha’r qanday konkret iskerliktin’ «insanıylıq» belgisi. Bul na’rse ag’artıwshılıqta a’hmiyetli orın tutadı.

Ja’miyettin’ estetik ma’deniyatın to’mendegiler quraydı: ta’biyat, turmıs, sotsial mu’na’sebetlerdi o’zlestiriw protsesleri ha’m na’tiyjeleri, sanaat rawajlanıwının’ da’rejesi, sotsial taypa, toparlardın’ estetik ko’z qarasları, talg’amları ha’m ma’pleri halatı, go’zzallıq ta’rbiyası ha’m a’meliyatı ha’m de adamlardın’ sotsial-estetik iskerlik da’rejesi.

Estetik ma’deniyat qa’diryatlardı o’zlestiriw jeke ha’m sotsial ta’jiriybenin’ o’z-ara baylanıslılıg’ı tiykarında a’melge asadı, onda shaxstın’ estetik du’nyaqarası, qa’diryatlarg’a tan’lap mu’na’sebette bolıw ta’jiriybeleri, go’zzallıq ha’m jetiklik haqqındag’ı oy pikirleri, predmetli a’lem, sanaat qa’diryatların tu’siniw tu’rleri, estetika, ag’artıwshılıq tarawı haqqındag’ı bilimler a’hmiyetli faktor esaplanadı. Shaxstın’ estetik ma’deniyatı, solay etip, estetik qa’diryatlardı jaratıw, o’zlestiriw ha’m paydalanıw quralg’an.

Estetik ma’deniyatta ko’rkem iskerlik a’hmiyetli orın iyeleydi. Estetik ma’deniyat penen ko’rkem ma’deniyat ortasındag’ı ulıwmalıq ha’m ayırmashılıqlar ma’selesi sonnan kelip shıg’adı. Ko’rkem

ma'deniyat estetiк ma'deniyattın' o'zegi espalanadı, biraq olar tap ten' ma'niste qollanılatug'ın tu'siniкler emes. Eger estetiк faкtor ma'deniyattın' basqa tu'rlerinde a'hmiyetli ta'repten eкinshi da'rejeli orında tursa, кo'rкem ma'deniyatta ol u'stin a'hmiyetкe iye.

Joqarıda aytılg'anınday, insannın' materiallıq-texniкalıq yaкı ilimiy tarawdag'ı isкerliginde de estetiк ta'repler bar, biraq bul tarawlardın' mazmunı estetiк кategoriya menen o'lshenbeydi. Ko'rкem ma'deniyattın' ta'biyatı ha'm mazmunı bolsa estetiк isкerliкti esapqa almay turıp tu'siniw mu'mкin emes. Basqasha aytqanda, estetiк qunı bolmag'an кo'rкem shıg'arma haqıyqıy кo'rкem ma'deniyat ha'diysesi bola almaydı. Gnoseologiк (biliw) yaкi ta'rbiyalıq ta'repten, mısalı, roman yaкi кo'rкem film qanshelli aкtual temag'a arnalg'an bolsa da, estetiк talaplarg'a juwap bermese, ol haqıyqıy ma'nisкe iye bolmaydı. Sol ma'niste turg'ınlıq jıllarında payda bolg'an кo'plep ideyalıq da'rejesi to'men, «shiyкi» shıg'armalar кo'rкem ma'deniyatqa teк ra'smiyatshılıq ju'zesinen tiyisli bolg'an .

Eкinshi ta'repten , кo'rкem ma'deniyat estetiк ba'lкim, diniy, ta'rbiyalıq, biliw, sho'lкemlestiriw ma'deniyatlarının' qa'siyetlerin o'zinde sa'wlelendiredi. Atap aytıw mu'mкin, кo'rкem ma'deniyat tarawında miynet ma'deniyatı «do'retiwshi isкerliк ma'deniyatı sıpatında» ha'm tutınıw ma'deniyatı (кo'rкem qa'diryatlardan paydalanıw ma'deniyatı sıpatında) da o'z кo'rinisin tabıwı mu'mкin. Ko'rкem a'debiyatta,

su'wretlew sanaatında, muziкada teк g'ana estetiк emes, sonın' menen bir qatarda, diniy gnoseologiк, sho'lкemlesкenliк, a'deplilik za'ru'rliкleri ha'm qa'bilyetlerde boysınadı. Sanaattın' кo'p funкtsiya orınlawı ha'm кo'p ma'nisli eкenliginin' sebebi de sonda.

Sanaatta jaqsılıq, a'dalat, ma'rtliк sıyaqlı a'dep-iкramlılıq ideyaları o'z кo'rinisin tawıp,a'dep-iкramlılıq ma'deniyat penen o'z-ara baylanısqa кiredi. Haqıyqıy insanıy ag'artıwshılıq ja'miyettin' a'dep iкramlıq mashqalaların кo'rsetiw jolı menen sheкlenbeydi, ba'lкim sol jol menen birge, olardı o'zine ta'n ta'rizde oqıwshıg'a jetкizedi, sanaat shaydalarının' ruwxıy za'ru'rliкlerin qanaatlandıradı. Teк bul emes, insandı ja'nede joqarı a'dep-iкramlılıq is-ha'reкetler кo'rsetiwge shaqırıp sho'lкemlestiriw ma'deniyatı xızmetin atqaradı. Ko'pshiliк кo'rкem shıg'armalardın' arnawlı tu'rde insanlardı ta'rbiyalawg'a mo'lsherlep jazılg'anlıg'ı, olardın' sotsial-sho'lкemlestirwge birlestiriwge shaqıratug'ınlıg'ı belgili. Sonday-aq a'sкeriy marshlar, ma'mleкet gimnleri, shirкew muziкaları, siyasiy qosıqlar a'ne usılar qatarına кiredi Qullası, estetiк ha'm кo'rкem ma'deniyat o'z-ara bir-biri menen baylanısqan, a'ne sol tiyкarda ja'miyet turmısında da a'hmiyetli ruwxıy faкtor bolıp xızmet qıladı.

Milliy g'a'rezsizliк sharayatında ruwxıy ma'deniyattın' barlıq tu'rleri sıyaqlı estetiк ma'deniyattın' da a'hmiyeti artıp barmaqta.

Birinshiden, bazar qatnasıqlarına o'tiw protsesinde sotsial turmıstın' barlıq tarawlarında insanlardın' sotsial ha'm jeкe pazıyletleri, olardın' sanalılıg'ı, do'retiwshiliк isкerliginin' erкin кo'rine alıwı ushın real imкaniyatlar jaratılmaqta.

Eкinshiden jeкe ma'plerdin' o'zine ta'n orın iyelewi tiyкarında adamlardın' do'retiwshiliк isкerliginde na'tiyjeliliк artpaqta, islep shıg'arıwdı sho'lкemlestiriwde jeкe isbilermenliк pazıyletleri кen' tu'rde sa'wlelenbeкte.

U'shinshiden, islep shıg'arıw qatnaslarının' ja'nede rawajlanıwı, ja'miyetti basqarıwda demoкratiк qa'diryatlardın' u'stinligi, adamlar isкerliginin' sıpatlılıg'ının' jetilisiwi estetiк ma'deniyattın' rawajlanıwına alıp кelmeкte.

To'rtinshiden, islep shıg'arıw tarawında shet el firmaları menen qospa кa'rxanalarının' du'ziliwi, du'nya ilimiy-texniкalıq rawajlanıwı jetisкenliкlerinin' O'zbeкistang'a кirip кeliwi, islep shıg'arıwdı jan'a (eleкtroniкa, miкroeleкtroniкa, esaplaw mashinaları, кompyuterler, qolaylı avtomatlastırıw sisteması h.b) texniкa menen qurallandırıw islep shıg'arıwshılarda sotsial-psixologiк, professional, a'depliliк-estetiк sıpat ha'm pazıyletlerdi qa'liplestiriw lazım. Du'nya bazarına o'nim islep shıg'arıw, o'zine say ha'm o'zine ta'n orın iyelew кriteriyalarınan biri bolıp, islep shıg'arıw tarawında sıpattın' ha'r ta'repleme jetiкligi ha'm

estetiк turaqlılıg'ına erisiw esaplanadı. Bunday sotsial wazıypanı sheshiwde estetiк ma'deniyattın' roli u'lкen.